

Kijan vyolans la woule :

Gen twa peryòd nan sik vyolans lan, swa li nan pawòl, swa li nan kò, swa li nan sikoloji oubyen nan seks yon fanm. Se twa peryòd ki change nan tan yap dire ak nan fòs yo genyen pandan lavi de moun ki ansanm.

Tansyon an ap monte

Plizyè ti move siyal bay. Moun nan kap sibi yo konsidere yo kòm si se pa anyen. Li kwè sa ap pase epi lap kapab gen kontwòl sityasyon an.

Vyolans lan pete

Nou pèdi tout kontwòl sou li

Se yon moman kout (kèk zè jiska 24 è),

Ki toujou grav.

Yon moman trankil kote moun yo rekonsilye

Konjwen an vle madanm li padonnen l pandan moman sa a. Madanm lan ki te sibi vyolans la kwè sa ap chanje vre epi li vle bliye. Tan sa a kapab pi long, pi kout; li kapab menm pa egziste pou kèk konjwen.

Epi mouvman vyolans lan rekòmanse avèk tan pi kout epi pi grav.



